

Chanje oswa Kanpe Lòd Sipò Timoun ou an

Chanje (modifye) lòd sipò timoun ou an:

Nenpòt paran ka kalifye pou modifye lòd sipò timoun si yo ka tcheke omwen youn nan bwat anba yo:

- Omwen twa (3) lane gentan pase depi lè yo te bay, modifye oswa ajiste lòd la.
- Revni youn nan paran yo vin chanje (bese) 15% oswa plis depi lè yo te bay, modifye oswa ajiste lòd la. Fòk se pa t oumenm ki te chwazi pou revni w bese.
- Yon timoun oswa plis ki te sou lòd ou a vin endependan (ekzanp: li gen 21 lane, li marye, li rantre nan militè).
- Paran ki dwe sipò timoun lan nan prizon.

Kanpe lòd sipò timoun ou an:

Nenpòt paran ka kalifye pou modifye lòd sipò timoun si yo ka verifye omwen youn nan bwat yo:

- Paran ki dwe sipò timoun la nan prizon, li p ap jwenn liberasyon kondisyonèl oswa li pa p nan enstitisyon.
- Gad timoun nan chanje.
- Tout timoun ki sou lòd ou yo vin endependan (ekzanp: li gen 21 lane, li marye, li rantre nan militè).



Fè aksyon lè sitiyasyon ou an chanje. Lòd la retounen nan dat petisyon an te ranpli an.

Chwazi yon metòd sèlman:

A. Chanjman nan lòd la ak Pwogram Sipò Timoun nan

Tretman

- Rankontre yon reprezante Sèvis Kliyan Biwo Sèvis Sipò Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) nan telefòn oswa fas-a-fas.
- Detèmine konbyen nouvo lòd la ye (remak: pou w jwenn konbyen nouvo lòd la ye ou dwe itilize menm fòmil yo itilize nan tribal la).
- Siyen yon Akò.
- Konfime konsantman nan tribal la.

Pou Kòmanse

Kontakte OCSS nan youn (1) nan de (2) fason sa yo:



Imèl dcse.cseweb@dfa.state.ny.us mete kòm sijè "Modify Order" (Modifie Lòd) epi mande yon randevou nan telefòn. Mete idantifikasyon sipò timoun dosye w la nan imèl la.



Vizite Sant Sèvis Kliyantèl san Randevou nou an nan 151 W. Broadway, 4th floor nan Manhattan ki louvri lendi rive vandredi ant 8è a.m. ak 6è p.m., sof jou konje.

Delè: Nòmalman, yonsèl odyans nan tribal konn nesesè apre fin siyen akò a.

B. Chanje oswa kanpe lòd ou a nan Tribunal Familyal

Tretman

- Ranpli petisyon modifikasyon sipò timoun nan.
- Depoze petisyon an nan Tribunal pou Afè Fanmi ki te bay lòd la an dènye.
- Voye yon konvokasyon bay lòt pati a pou w ka avèti l ou gen lide chanje lòd sipò timoun nan. OCSS ka ede.

Kalkil Sipò Timoun



Konbyen kòb sipò timoun mwen kapab peye oswa resevwa?

Pou Kòmanse

Aplike youn (1) nan twa (3) fason sa yo:



Ale sou <https://nycourts.gov/courthelp//diy/supportmodification.shtml>, klike sou lyen ki anba antèt "Start" (Kòmanse) a. Enprime petisyon an pou modifie lòd sipò timoun nan. Depoze petisyon an nan sal Petisyon nan Tribunal Familyal la.



Vizite Sant Sèvis Kliyan San Randevou OCSS la nan 151 W. Broadway, 4th floor nan Manhattan, ki louvri lendi rive vandredi, ant 8è a.m. ak 6è p.m., sof jou ferye, pou w ka jwenn asistans pou fini ak modifikasyon petisyon an.



Ale nan Sal Petisyon nan Tribunal Familyal kote yo te bay petisyon pou sipò timoun ou a oswa dènye modifikasyon an ak mande enfòmasyon sou kòman pou depoze yon petisyon pou modifikasyon.

Delè: Jeneralman, sa mande plis pase yon odyans nan tribal.